# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–01 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

केन्द्र सरकार आजु से **वन नेशन वन सब्सक्रिप्शन** (ओएनओएस) योजना क सुरूआत कइले हवे। येह योजना क उद्देश्य पढ़वइया लइकन के सिंगल सबसक्रिप्शन प्लेटफार्म के जरिए सोध पत्र, जरनल, सैक्षिक सामग्री के सथही व्यापक डिजिटल ज्ञान संसाधन के बिना कउनो बाधा के उपलब्ध करावल हवे। येह योजना से अलगि–अलगि जगही सबसक्रिप्शन लिहले क जरूरति नाही पड़ी अउर ज्ञान सबके सुलभ होई। येह से देस भर के विद्यार्थियन, सोधार्थियन अउर संस्थानन के फायदा भइले क संभावना बाटे। विश्वविद्यालयन अउर आईआईटी के सथहीं सरकारी सहायता प्राप्त उच्च सिक्षा संस्थानन के एक करोड़ अस्सी लाख विद्यार्थियन के येह पहल के अंग के रूप में दुनिया भर के सीर्ष जरनल में प्रकासित सोध पत्रन के देखले क सुविधा मिल पाई। येह पहल के पहिला चरण में विज्ञान, प्रोद्योगिकी, अभियांत्रिकी, मेडिसिन, गणित, प्रबंधन, सामाजिक विज्ञान अउर मानव विज्ञान से जुड़ल तेरह हजार चारि सौ से जियादे अंतरराष्ट्रीय जर्नल सोधार्थियन बदे उपलब्ध करावल जा रहल हउवे।

*********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु उत्तर प्रदेस राज्य सड़क सुरक्षा परिषद के बइठकी में सामिल भइले। मुख्यमंत्री सज्जो विभागन के सड़क सुरक्षा से जुड़ल जरूरी निरदेस देत कहले कि जिला सड़क सुरक्षा समिति जिलाधिकारी के अध्यक्षता में पांच जनौरी ले हर हाल में बइठकी पूरा कइ लें। छौ से दस जनौरी ले सज्जों स्कूल कॉलेजन में सड़क सुरक्षा नियम से जुड़ल जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कइल जाय। मुख्यमंत्री कहले कि हर महिन्ना जिलन में जिलाधिकारी के अध्यक्षता में सड़क सुरक्षा के बइठकी होखे। जिला स्तर पर भइल कार्य के प्रगति क हर तिसरा महिन्ना सासन स्तर पर मूल्यांकन कइल जाए। मुख्यमंत्री कहले कि ओह जिलन अउर जगहिन के चिन्हित करे जहवां जियादे दुरघटना भइले क संभावना बाटे। एकरे कारण क पता कइ के एकरे निपटारा बदे कार्य योजना बनावल जाए।

*********

नया सालि क तिउहार हसी खुसी के साथे आजु परदेस भर में मनावल जा रहल हवे। येह मौका पर लोगि परदेस के प्रमुख मंदिरन में दरसन पूजन कइ के मंगल कामना कइ रहलि हवे। गोरखोपुर में नया सालि धूम धाम से मनावल जा रहल हवे। भिन्नहिये से लोगि गोरखनाथ मंदिर में दसरसन करे खातिर उमड़ल हवे। एगो रिपोट.......

**गोरखपुर जनपद में लोग नया साल उत्साह और उमंग के साथ आज मना रहे हैं। गोरखनाथ मंदिर में सुबह से ही श्रद्धालुओं की भीड़ बाबा गोरखनाथ के दर्शन पूजन के लिए देखने को मिली। साथ ही खिचड़ी महापर्व को लेकर लगने वाले मेले का भी अनौपचारिक रूप से आज शुभारंभ कर दिया गया। मेले में लोगों ने मनोरंजन के साधनों के साथ खरीददारी करते हुए व्यंजनों का भी लुत्फ उठाया। वहीं दूसरी तरफ तारामंडल क्षेत्र के नौका विहार में लोग रामगढ़ ताल के किनारे जश्न मनाये। साथ ही शहीद अशफाक उल्ला खान प्राणी उद्यान चिड़ियाघर में लोगों ने नए साल के पहले दिन खूब मस्ती की।**

ओहर अजोध्या में प्रभू श्रीरामलला, मथुरा में श्री बांके बिहारी, बनारस में कासी विश्वनाथ धाम, मिरजापुर में विन्ध्यवासिनी धाम अउर बलरामपुर में देवी पाटन सक्ति पीठों पर भिन्नहिये से सरधालु नया सालि के मौका पर अपने–अपने अराध्य क पूजा अर्चना कइ रहल हवे। सासन की ओरि से सरधालुअन के ढेरि संख्या के देखत सुरक्षा क कड़ेर इतेजाम कइल गइल हवे। येहि क्रम में कुसीनगर में जापान, कनाड़ा, थाईलैंड, म्यांमार अउर श्रीलंका के सथहीं कइ देसन क विदेसी पर्यटकन के सथहीं पड़ोसिया राज्य बिहार से आइल हजारों सैलानी नया सालि क जसन धूम धाम से मना रहल हवे।

*********

प्रदेस सरकार की ओरि से खाद्य प्रसंस्करण उद्योग के बढ़ावा दिहले से ग्रामीण अउर सहरी क्षेत्रन क महिला, उद्यमी अउर नौजवान आर्थिक रूप से मजबूत हो रहल हउवे। **प्रधानमंत्री सूक्ष्म खाद्य–उद्योग–उन्नयन योजना** के जरिए प्रदेस में निरधारित चौदह इन्क्यूबेशन सेंटर–कॉमन फैसिलिटी सेंटर क स्थापना हो चुकल हउवे। येह परियोजना क लागत सैंतालिस करोड़ रूपिया हउवे। येह में नये जमाना के प्लांट अउर मसीनरी क आपूर्ति कइल जा रहल हउवे। येह केन्द्रन क मुख्य उद्देश्य ग्रामीण महिला लोगिन के रोजिगार दियावल अउर ओन्हे आत्म निरभर बनावल हवे। एगो अनुमान के मोताबिक येह केन्द्रनन के जरिए प्रत्यक्ष अउर परोक्ष रूप से करीब पंन्द्रह हजार महिला लोगिन के फायदा मिली।

*********

मिसन सक्ति अभियान के पचवां फेरा में आजु नारी सुरक्षा दल बलरामपुर में महिला लोगिन के सुरक्षा से जुड़ल कइ गो हेल्प लाईन नम्बर बतउलिनि अउर महिला अधिकारन अउर महिला कानून के प्रति जागरूक कइलस।

*********

आजु पच्छिमी विक्षोभ के नाते परदेस में कइ जगहिन पर कुहेसा अउर गलन वाली ठंडी से आम लोगिन के जिनगी अस्त व्यस्त हो गइल। गोरखपुर के सथहीं कइ गो पूर्वी जिलन में घाम नाही निकरल अउर गलन वाली ठंडी पड़ल। बर्फीली बयार के नाते लोगिन के दिक्कत भइल। मौसम विभाग बिहनहू प्रदेस के कइ गो जिलन मे सीतलहर के संभावना के देखति ऐलो अलर्ट जारी कइले हउवे। येह दौरान मौसम सुक्खल रही अउर कुहेसा पड़ले क आगम बाटे।

*********